

JWENN ENFÒMASYON YO.

VARYAN COVID-19: KISA W DWE KONNEN

Viris yo toujou ap chanje. Lè gen yon gwo chanjman ki fèt, syantifik yo rele li yon nouvo varyan. Gen kèk varyan ki mwens grav, tandiske genyen lòt ki danjere.



Syantifik yo enkyete konsènan varyan ki pi fasil pou trape ak pwopaje bay lòt moun, oswa lakoz maladi pi grav.



Anpil moun tout laj ap malad ak varyan COVID-19, sa ki genyen ladann granmoun, adolesan ak timoun.

VAKSEN YO PWOTEJE KONT VARYAN COVID-19 YO

Pi bon fason pou w pwoteje tèt ou, fanmi w, ak kominote w kont varyan yo se rete ajou ak vaksen COVID-19 ou yo. Vaksen yo:

- ✓ **SAN DANJE:** Vaksen an pwouve san danje pou plizyè milyon moun, sa ki genyen ladann ras, etnisite ak laj diferan. Genyen plis chans pou w genyen konplikasyon serye ak COVID-19 ke nan vaksen an.
- ✓ **EFEKTIF** Vaksen an pwoteje w pou w pa trape varyan COVID-19 yo. Vaksen an pwoteje w tou pou w pa vin malad grav epi mouri si w vin tonbe malad.
- ✓ **GRATIS :** Vaksen an gratis pou tout moun, kèlkeswa kondisyon yo ak imigrasyon oswa si wi ou non yo genyen yon Idantifikasyon oswa asirans medikal.



Si w pa ajou, ou genyen plis chans pou w enfekte ak COVID-19, vin malad grav oswa mouri, ak pwopaje l bay lòt moun.

OU GENDWA KANPE VARYAN DANJERE LÈ W PRAN VAKSEN AN



Fè ke tout kominote nou yo vaksinen se yon fason pou anpeche varyan danjere devlope pou kòmanse.

Pi bon fason pou w pwoteje tèt ou, fanmi w, ak kominote w kont varyan yo se rete ajou ak vaksen COVID-19 ou yo.




Sa pran de semèn apre dènye piki w la pou w jwenn tout pwoteksyon vaksen an ofri.

PWOTEJE TÈT OU AK KOMINOTE W KONT VARYAN COVID-19 YO

Kèk varyan COVID-19 pi fasil pou trape ak pwopaje pase lòt. Pwoteje tèt ou ak kominote w lè w pran vaksen ak:



Mete yon mask.



Pratike distans sosyal.



Evite rasanbleman ak anpil moun.



Dezenfekte espas yo manyen anpil.



Lave men w souvan.



Ou ka frennen varyan danjere lè w pran vaksen an.

EDE FRENEN COVID-19.